



Ou gen dwa pou ke yon avoka reprezante ou pou konvokasyon sa,  
ni tou pou gen yon avoka ki ede ou pou prepare fòm sa.

### **ENSTRIKSYON POU W RANPLI 'DEKLARASYON NAN PLAS KONPARISYON PÈSONÈL'**

Si w vle voye yon deklarasyon olye pou ou konparèt pèsònèlman, ranpli epi siyen fòm Deklarasyon Pèsònèl nan Plas Konparisyon Pèsònèl la (li nan anvlòp la) epi voye li nan kourye lapòs nan biwo kote yo pral òganize odyans lan. Yo dwe resevwa fòm sa a omwen de (2) semenn anvan dat odyans ou an.

Pandan odyans ou an, jij la pral tande temwayaj polisye a epi li ap li deklarasyon alekri w la ki nan dosye a. Jij la pral konsidere deklarasyon alekri w la ak nenpòt prèv ki akonpaye li. Jij la pral twouve ou “koupab” oswa “pa koupab” kòm si ou te prezan nan odyans lan.

### **Fason pou w ranpli Deklarasyon nan Plas Konparisyon Pèsònèl la**

1. Ekri non konplè ou, adrès ou ak nimewo kontravansyon an.
2. Si gen plis pase yon kontravansyon, itilize yon Deklarasyon nan Plas Konparisyon Pèsònèl pou chak kontravansyon.
3. Di, an detay, rezon ki fè ou kwè ou “Pa Koupab” pou akizasyon an (yo). Itilize paj anplis si sa nesesè.
4. Siyen non ou ak dat ki nan seksyon ‘Konfimasyon’ an.

### **Ki dokiman ki ta dwe akonpaye Deklarasyon nan Plas Konparisyon Pèsònèl la**

1. Yon fotokopi lisans chofè w la oswa lòt kat idantite ki gen foto gouvènman an bay.
2. Nenpòt prèv (papye, dokiman prèv, foto, afidavit, elatriye) ou swete jij la konsidere lè li ap pran desizyon sou ka pa w la. (Yo pa pral remèt ou bagay sa yo).

### **Kilè ak Kote pou w voye Deklarasyon nan Plas Konparisyon Pèsònèl la pa lapòs**

1. Yo dwe resevwa Deklarasyon nan Plas Konparisyon Pèsònèl ou an, ak nenpòt prèv, omwen 2 semenn anvan dat odyans lan.
2. Ou dwe voye Deklarasyon nan Plas Konparisyon Pèsònèl la pa lapòs nan biwo TVB kote odyans lan pral fèt la.
3. Si w pa twò konnen adrès TVB a, tanpri ale sou [dmv.ny.gov/pleadandpay](http://dmv.ny.gov/pleadandpay) oswa rele nan (718) 488-5710.

### **Rapèl enpòtan (apre nou fin resevwa deklarasyon w lan)**

Si yo repwograme odyans ou an, nou pral itilize deklarasyon w lan nan nenpòt dat odyans ki vini annapre. Yo pral enfòme ou tou sou dat la pa lapòs yon fason pou w kapab toujou konparèt an pèsòn si ou deside konparèt.

### **Pou Poze Plis Kesyon**

1. Ou ka rele nan (718) 488-5710
2. Al gade nan [dmv.ny.gov](http://dmv.ny.gov)

Si ou pa voye yon deklarasyon a tan pou nou, si ou pa parèt an pèsòn oswa si yo pa akòde ou yon ajouneman pou repòte dat konparisyon an, men rezilta ki gendwa rive yo:

- Sispansyon privilèj pou kondi yo, ak
- Yon frè anilasyon sispansyon \$70



